

Plan Akouchman Mwen an

Yon plan akouchman se yon lis preferans ouwa bagay ou swete pou w ka viv akouchman w lan. Li p ap limite opsyon ou genyen yo dèke ou kòmanse gen tranche. Ou ka chanje lide a nenpòt ki lè. Etandone chak tranche ak akouchman diferan, nou pa ka garanti ke tout preferans ou yo ap apwopriye pou akouchman w lan. Nou ankouraje w diskite sou plan akouchman w lan ak doktè w la ouwa fanmsaj ou a. N ap travay avèk ou pou n eseye fè ou viv akouchman w lan yon fason ki sanble plis ke posib ak sa ou swete a; men, sekirite ou menm ak tibebe w la se priyorite nimewo en nou.

Non _____

Non Patenè a _____

Non Tibebe a _____

Dat Akouchman _____

Pwofesyonèl Swen Obstetrik _____

Pedyat Tibebe a _____

Kontak Pedyat Tibebe a _____

Te patisipe nan Klas Preparasyon pou Nesans _____

Pou Tranche a

- ☐ Limyè yo bese.
- ☐ Mwen ta renmen soti nan kabann otank posib.
- ☐ Mwen ta prefere gen yon solisyon salin olye de likid nan venn.
- ☐ Mwen ta renmen itilize lòt opsyon pou soulajman doulè yo, tankou egzèsis respirasyon, masaj, douch ak chanjman pozisyon.
- ☐ M ap mande medikaman pou doulè si mwen bezwen li.
- ☐ Mwen ta renmen yon anestezi peridiral pou ede m fè fas ak doulè tranche mwen an.
- ☐ Mwen ta renmen yo pwopoze m yon konprès perineyal cho pandan tranche a.
- ☐ Mwen ta renmen ou pwopoze m medikaman pou doulè si ou wè mwen pa alèz.
- ☐ Mwen gen dout sou sa mwen vle pou soulaje doulè a, m ap deside lè mwen gen tranche.
- ☐ Mwen ta renmen konsève ouwa bay san ki nan kòd lonbrit mwen an.
- ☐ Mwen ta renmen itilize aparèy pòtatif mwen an pou m jwe epi tandè mizik nan kas mwen pandan tranche a.
- ☐ Mwen ta renmen pran foto ouwa videyo anvan akouchman.
- ☐ Mwen ta renmen kontakte doula mwen an pou l sipòte m pandan mwen gen tranche a.

Opsyon pou Tranche

- ☐ Balon akouchman
- ☐ Ba pou akwoupi
- ☐ Sipò pou akouchman ki konfòtab ak vètikal (CUB)
- ☐ Beny anba douch
- ☐ Balon ki gen fòm pistach
- ☐ Teknik wotasyon (vire) tibebe

Pandan Akouchman

- ☐ Mwen ta renmen yo pran 30 a 60 segonn reta anvan yo klanmse kòd lonbrit la.
- ☐ Mwen ta renmen pou patenè mwen an koupe kòd lonbrit la.
- ☐ Mwen ta renmen gen yon miwa pou mwen wè akouchman m nan.
- ☐ Mwen ta renmen manyen tèt tibebe mwen an pandan li fenk ap soti andedan m.

Swen Apre Akouchman/Tibebe ki Fenk Fèt

Kontak po a po apre akouchman an se swen debaz yo bay pou asire ke alafwa manman ak tibebe a estab, epi yo ankouraje w fè sa pandan tout dire sejou w la.

Si tibebe mwen an ta oblije separe avè m pou swen/tretman medikal, Mwen ta renmen _____ akonpaye l.

- ☐ Mwen ta renmen yo ban m egzeyat pi vit sa posib.
- ☐ Si mwen fè yon ti gason, mwen ta renmen sikonsi l anvan yo ban m egzeyat, si pedyat mwen an otorize l.

Si mwen fè yon ti gason, ☐ sikonsi ☐ pa sikonsi.

Mwen planifye pou m bay tibebe m nan ☐ tete ☐ lèt fòmil.

Sezaryèn

Mwen ta renmen _____ akonpaye m nan sal operasyon an. (1 moun)

Lòt Demann

ORLANDO
HEALTH®

Winnie Palmer
Hospital
For Women & Babies

Pou aprann plis, vizite [WinniePalmerHospital.com/BirthPlan](https://www.WinniePalmerHospital.com/BirthPlan)
83 W. Miller St. | Orlando, FL 32806 | (321) 843-8655